



Pou Piblikasyon Imedya: 05/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LIS KOMÒBIDITE AK KONDISYON KACHE KI KALIFYE POU VAKSEN COVID-19 APATI 15 FEVRIYE

Kansè, maladi ren kwonik, maladi nan poumon, andikap entèlektyèl ak devlopmantal, pwoblèm kadyak, eta iminodeprime, obezite grav, gwochès, anemi falsifòm oswa talasemi, dyabèt mellitus tip 1 oswa 2, maladi vaskilè serebral, pwoblèm newolojik ak maladi fwa ap kalifye

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye jodi a lis komòbidite ak kondisyon kache yo ke Eta New York pral itilize pou detèmine kalifikasyon pou vaksen COVID-19 la. Nouyòkè yo ki gen youn nan komòbidite yo ki sou lis la pral kalifye pou vaksen an apati 15 fevriye.

"Nouyòkè yo ki gen komòbidite ak kondisyon kache yo ki nan popilasyon atravè eta a—yo se pwofesè, avoka ak chapant nou yo, anplis doktè yo ki kenbe nou an sekirite chak jou, epi yo se yon popilasyon ki afekte anpil", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou angaje pou vaksine popilasyon vilherab yo ki te soufri plis pandan n ap distribiye yon apwovizyonman vaksen ki trè limite, ak moun ki gen komòbidite yo ki nan 94 pouzan lanmò COVID nan eta a. Se poutèt sa a n ap ouvri kalifikasyon pou moun ki gen komòbidite yo apati 15 fevriye epi bay lopital yo kapasite pou itilize dòz anplis yo genyen pou ede popilasyon sa a. Gouvènman lokal yo gen yon semèn pou prepare yo pou novo chanjman an—yo bezwen pare kounye a."

Lis komòbidite ak kondisyon kache konplè a disponib anba a. Lis la kapab chanje lòske gen novo prèv syantifik ki pibliye epi lè New York jwenn ak analize done adisyonèl ki espesifik ak eta a.

Granmoun tout laj ki gen kondisyon annapre yo akòz plis risk maladi modere oswa grav oswa lanmò nan viris ki lakòz COVID-19 la:

- Kansè (aktyèl oswa an remisyón, ki gen ladan kansè ki gen rapò ak 11 septanm)
- Maladi ren kwonik
- Maladi nan poumon, ki gen ladan men pa limite ak, COPD (maladi pilmonè obstriktif kwonik), opresyon (modere rive nan grav), fibwoz pilmonè, fibwoz kistik ak maladi pilmonè ki gen rapò ak 11 septanm.
- Andikap Entèlektyèl ak Devlòpmantal sa gen ladan Sendwòm Down

- Pwooblèm kè, ki gen ladan men ki pa limite ak, ensifizans kadyak, maladi atè kowonè, kadyomyopati, oswa ipètansyon (tansyon wo)
- Eta iminodeprime (sistèm iminitè fèb) ki gen ladan men pa limite ak grèf ògàn solid oswa grèf san oswa mwèl zo, defisyans iminitè, VIH, itilizasyon kòtikostewoyid, itilizasyon lòt medikaman ki febli sistèm iminitè a, oswa lòt kòz
- Obezite Grav (endis mas kòporèl [body mass index, BMI] 40 kg/m²), Obezite (BMI omwen 30 kg/m² men < 40 kg/m²)
- Gwosès
- Anemi falsifòm oswa Talasemi
- Dyabèt mellitus (sikre) tip 1 oswa 2
- Maladi vaskilè serebral (ki gen konsekans sou vesò san yo ak san k ap antre nan sèvo a)
- Pwooblèm newolojik ki ge ladan men pa limite ak Maladi Alzheimer oswa demans
- Maladi fwa

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)